

## APPENDIX

Ade: Eh Jang, kamana wae yakeb (maneh)?

Ujang: Ah teu kamana-mana, aya we di imah.

Ade: Hayang ngalono (ngaroko) euy. Boga teu, Jang? Cing lah urang menta.

Ujang: Yeuh lono (roko) na. Ngeunah na mah bari aya nodi (kopi) euy nya iyeu teh!?

Ade: Heueuh pisan. Eh Jang si Usro kamana nya? Rek nagih hutang yeuh urang.

Ujang: Weunying weu nyabo (Teuing teu nyaho).

Ade: Duh kumaha nya!? Urang keur butuh yeuh. Urang minjeum heula ka maneh lah Jang nya!?

Ujang: Ah teu boga putiw (duwit) euy, Din. Urang ge iyeu geus saminggu teu sate (sate).

Ade: Emang sate (sate) di saha kitu yakeb (maneh)?

Ujang: Eta di bos Abas. Sok ngilu ngendekan si Keuyeup.

Ade: Saha si Keuyeup teh?

Ujang: Eta si Dandi orang tonggoh, hupan (budak) na abah Darta.

Ade: Oh enya... enya... urang apal. Eh, ari si abah Darta masih aya? Asa geus lila teu nempo.

Ujang: Geus nyeuteub (euweuh) seteh kehed abah Darta mah! Kan harita yakeb (maneh) ge ngilu ngurebkeun na.

Ade: Oh heueuh bener. Poho urang.

Ujang: Hah silaing mah pohoan geus sigah norow (kolot) wae.

Ade: Eh Jang, nyigunak (isukan) urang nyurik (ulin) yu ah ka Cipeundeuy.

Ujang: Rek nyader (Apel) ka si Euis nya? Meni kudu di aanteur sagala rupa lah.

Ade: Yeh iyeu mah... Meh sakalian oge, Jang! Hawulak (baturan) si Euis na ge gareulis da! Sugan we yakeb (maneh) jadi beubeunangan oge.

Ujang: Heuh lah kumaha isukan we nya. Urang harin (balik) heula!

Ade: Si Ujang mah ah, rek naon sih ribut geus rek harin (balik) sore keneh oge!

Ujang: Lapar euy urang, hayang pabal (dahar) heula.

Ade: Yanggeus lah. Urang ge rek harin (balik) lah, hayang yakpi (mandi). Teu ngeunah awak yeuh geus carepel.

Ujang: Pantesan tatadi asa hanyu (bau) naon kitu!?

Ade: Euh bebel mah, ngaledek tuluy weh!